

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premye An

Adisyon e Soustraksyon a De-Chif



Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite detid nan matematik ki rele Adisyon e Soustraksyon a De-Chif. Inite detid sa konsante sou adisyon e soustraksyon ki genyen rapò avèk miltip 10 answit devlope efikasite pou adisyon e soustrè nan yon entèval 20. Nan tout inite sa, elèv pral travay sou adisyon e soustrè 10 nan/ote nan nonm a de-chif, pwoblèm adisyon ki egzije gwoupman nan yon plas inite yo, epi soustrè miltip 10 nan yon miltip 10. Elèv pral pratike tou sou bay lè e ekri lè nan demi-èd tan. Objektif enstriktif espesifik elèv pral travay sou yo a nan lis anba avèk egzanj sou travay elèv ki montre konpreyansyon yo nan chak objektif enstriktif.


Objektif Enstriktif: Adisyon e soustrè nonm a de-chif ki genyen rapò avèk miltip dis (10-90), itilize modèl, desen, e panse matematik epi eksplike estrateji ke yo itilize.	
Egzanj Pwoblèm	Egzanj sou Solisyon elèv
<p>Alexander genyen 52 kat bezbòl. Johnny genyen 35 kat bezbòl. Kobyen kat yo genyen antou?</p>	<p>52 35</p> <p>50 2 30 5</p> <p>$50 + 30 = 80$ $2 + 5 = 7$ $52 + 35 = 87$</p> <p>Mwen te wè chif yo kòm dizèn e inite. Mwen adisyon yo pou rive nan 80. Answit mwen adisyon inite yo ansanm pou jwenn 7. Lè mwen adisyon dizèn mwen ak</p>
Objektif Enstriktif: Adisyon e soustrè nan entèval 20, itilize estrateji efikas epi eseye adisyon e soustrè fasilman nan yon entèval 10.	
Egzanj Pwoblèm	Egzanj sou Solisyon Elèv
<p>8 elèv ap manje dejene alatab. 2 lòt elèv vini chita alatab pou manje. 9 lòt elèv vini alatab. Konbyen elèv ki ap manje dejene alatab?</p>	<p>Mwen adisyon 8 + 2 ki pral ba mwen 10. Alò, li fasil pou adisyon 9 plis 10 pou ban mwen 19 kòm repons</p> <p>10 $8 + 2 + 9 = 19$</p>

Objektif Enstriktif: Bay e ekri lè nan demi-èd tan.

Egzanp Pwoblèm

Nan yon sware lekòl, Sasha al kouche a 7:30. Ekri lè li ale nan kabann li nan revèy la.

Egzanp sou Solisyon Elèv



Panse Matematik e Praktif sou Objektif Enstriktif: Chèche mwayen efikas pou rezoud pwoblèm.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite detid sa:

- **Ale Peche**

Objektif la se pou jwenn pè chif ki egal a 10. File 5 kat (0–10) bay chak jwè. Kite rès kat yo nan pil la. (si yon jwè genyen 2 kat ki egal a 10, li mete yo akote epi li tire 2 lòt zèl kat.) Se tou pa ou pou mande chak moun pou yon kat an patikilye. Pa egzanp, si ou genyen 3, ou kapab mande, “Ou genyen yon 7?” Si pitit ou genyen yon 7, pran kat sa, mete toulede sou tab la, epi tire yon zèl kat nan pil la. Sinon, “ale peche” epi tire zèl kat anlè a nan pil kat la. Tou pa ou fini si ou pakapab jwenn 10. Jwèt la fini si pa genyen yon moun ki rive fè yon 10.

- **Plis Konte pa Gwoup**

Chèche egzanp bagay ki vini pa goup epi mande pitit ou pou twouve konbyen objè oswa atik ki genyen antou. Liv What Comes in 2’s, 3’s and 4’s? pa Suzanne Aker kapab ba ou kèk ide. Ou menm oswa pitit ou kapab kreye kèk pwoblèm pou pataje. “Genyen 3 timoun ki ap monte bisiklèt nan lakou rekreyasyon an. Konbyen wou ki genyen antou?” oswa “Genyen 4 chen nan lari a. Konbyen grif ki genyen?”

- **Manyèl Matematik pou Elèv**

Sonje pou refere Manyèl Matematik Elèv la ki disponib an po di oswa elektwonikman nan Angel. Manyèl Matematik Elèv la pral bay enfòmasyon adisyonèl sou estrateji enstriksyonèl pou asiste elèv avèk devwa oswa direksyon sou kòman pou jwe jwèt ke elèv ap travay sou yo a nan klas yo.

